

Nimewo 162

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**ASIRE KONTRAKTÈ ETA YO RESPEKTE SALÈ EKITAB LA**

**LÈ NOU KONSIDERE**, lwa Eta a egzije pou anplwayè yo founi opòtinite anplwa egal pou tout travayè yo epi ekspreseman entèdi anplwayè yo diskrimine kont anplwaye oswa aplikan pou djòb yo sou baz ras, prensip, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap oswa eta sivil yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, anplis lwa Eta a prevwa pou peye fanm yo menm salè ak gason pou menm travay yo fè;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta New York la depanse anpil milya dola chak ane nan kontra avèk vandè atravè tout eta yo pou yo kenbe anpil milye anplwaye nan travay yo chak ane;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Atik 15-A Lwa Egzekitif la, egzije pou kontraktè gouvènman yo rapòte konpansasyon mendèv yo itilize nan kontra travay pou sèvis, komodite, ak konstriksyon Eta yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, done kontraktè yo pwodwi konfòmeman ak Atik 15-A Lwa Egzekitif sa a pa enkli enfòmasyon sou salè anplwaye kontraktè yo nan yon fason espesifik epi kòm konsekans yo pa kapab itilize l pou idantifye inegalite nan peyman salè yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, done federal yo montre aktyèlman yo peye fanm mwens pase gason pou menm travay yo fè epi yo peye minorite rasyal ak etnik yo mwens pase omològ yo pou menm travay yo fè;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gouvènman Eta a gen responsabilite pou l dirije epi asire yo reponn a pratik tandans diskriminasyon sou salè pa èdtan sa a epi pa kontinye prezève pratik sa yo nan Eta New York; epi

**LÈ NOU KONSIDERE**, koleksyon enfòmasyon adisyonèl ki gen rapò ak konpansasyon yon moun k ap fè travay sou kontra Eta yo enpòtan anpil pou asire yo founi travayè yo opòtinite egal pou travay sou kontra Eta yo epi yo peye menm valè pou menm travay yo fè.

**KOUNYE A, ANKONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa a mwen bay lòd kòm swit:

A. Definisyon

1. Kòm sa itilize nan dokiman sa a, tèm swivan sa yo dwe gen menm siyifikasyon jan sa preskri nan Seksyon 310 Lwa Egzekitif la: “Kontraktè,” “ajans Eta a,” “otorite Eta a,” ak “kontra Eta a.”

2. “Soutretans” vle di nenpòt kontra ant yon kontraktè prensipal ki sou yon kontra Eta a ak nenpòt antite k ap founi machandiz bay, oswa rann sèvis pou, tankou kontraktè prensipl ki an keneksyon ak kontra eta sa a.

B. Responsabilite Ajans yo ak Otorite yo

1. Ajans ak Otorite Eta yo dwe enkli yon pwovizyon nan tout kontra, akò, ak akizisyon Eta yo ki etabli ak egzekite apati oswa aprè 1e Jen 2017 ki egzije kontraktè yo pou yo dakò enkli yon rapò detaye sou itilizasyon mendèv yo ki gen ladan, anplis de enfòmasyon sou opòtinite anplwa egal la, jan yo egzije pou sa enkli nan rapò sa yo, tit pòs travay ak salè chak anplwaye yon kontraktè k ap travay sou yon kontra Eta a, oswa chak anplwaye ki nan tout mendèv konplè kontraktè a si kontraktè a pa ka idantifye moun k ap travay dirèkteman sou kontra Eta yo.
2. Anplis de sa a, ajans ak otorite Eta yo dwe enkli yon pwovizyon nan tout kontra, akò, ak akizisyon Eta yo ki etabli apati oswa apre 1e Jen 2017, ki enpoze menm egzijans lan sou tout soutretan pou anplwaye yo.
3. Yo pral rapòte enfòmasyon sa a bay ajans ak otorite Eta yo chak trimès pou tout kontra prensipal ki vo yon montan plis pase \$25,000 yo, eksepte kontra konstriksyon prensipal ki vo yon montan plis pase \$100,000, yo dwe rapòte chak mwa.
4. Yo dwe rapòte enfòmasyon sa yo nan yon fòm ak yon manyè jan Depatman Devlopman Ekonomik Eta New York la (New York State Department of Economic Development) egzije a, yo pral rapòte yo bay tout ajans ak otorite yo avan 1e Jen, 2017.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan nevyèm jou mwa Janvye nan

ane de mil disèt la.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a